



Pou Piblikasyon Imedya: 25/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO FÈ SOU NOUVO SWASTIKA YO
TE JWENN NAN LAKOU LEKÒL BROOKLYN LAN**

“Swastika yo ak lòt mesaj antisemit repinyan yo te jwenn nan yon lakou lekòl nan Brooklyn kèk jou apre yo te dekouvri yon bann grafiti odye prèske menm jan nan yon lakou lekòl nan Queens. Kite m pale byen klè: nan New York, nou gen zewo tolerans pou antisemitis ak nenpòt fòm laèn, epi okenn elèv pa dwe santi yo diskrimine kont li oswa yo menase l akòz relijyon l oswa orijin etnik li.

Nan objektif sa a, mwen mande Gwoup Travay sou Krim Laèn Lapolis Eta New York la (New York State Police Hate Crimes Task Force) pou yo bay NYPD yon kout men nan ankèt y ap mennen sou zak meprizab sa a ansanm ak grafiti antisemit yo te jwenn nan Queens lan. New York se yon senbòl tolerans ak espwa, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou asire ke nou pouswiv otè zak meprizab sa yo nan tout limit lalwa pèmèt”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)